

DOKIMAN POU KAT PRIM JACKSON LAN

DOKIMAN OBLIGATWA KI POU PWOUVE REZIDANS NAN REJYON MIAMI-DADE

- Lisans Chofè Florid oswa kat idantite Florid avèk adrès nan rejyon Miami-Dade **ak**
- Yon dokiman ofisyèl ki genyen non w ak adrès ou ki gen yon dat ki depase pase 90 jou (adrès la dwe yon adrès nan rejyon Miami-Dade)
- Deklarasyon sipò de yon lòt antite oswa de yon lòt moun nan Jackson Health System (si w ap viv ak yon lòt moun, epi ou pa oblije peye lwaye)

PRÈV SITWAYÈNTE KI OBLIGATWA (tanpri bay youn nan dokiman sa yo)

- Paspò Ameriken **oswa**
- Sètifika natiralizasyon **oswa**
- Batistè **oswa**
- Kat Enskripsyon pou Elektè

KONDISYON IMIGRASYON KI OBLIGATWA

- Kat rezidans (si ou pa gen yon **Kat Rezidans**, ou dwe bay tout dokiman ki pi ba yo)
- Pèmi Travay Ozetazini **ak**
- Yon dokiman idantifikasyon ofisyèl peyi w ba ou **ak**
- Paspò peyi kote ou fèt la ba ou **ak**
- Kat Visa 1-94

DOKIMAN IDANTIFIKASYON KI OBLIGATWA (tanpri bay youn nan dokiman sa yo)

- Pyès idantite ofisyèl gouvènman an **oswa**
- Paspò

LOT DOKIMAN KI OBLIGATWA (tanpri bay tout dokiman sa yo)

- Kat Sekirite Sosyal
- Sètifika maryaj (si sa nesèsè)
- Enpo sou Revni Federal (Dènye aplikasyon ki fèt sou yon lane)
- Papyè Divòs (Si sa nesèsè)
- Rekòmandasyon de yon refij pou sanzabri Miami-Dade apwouve (Si ou pa gen yon kote ou rete)

LOT DOKIMAN YO AKSEPTE (tanpri bay youn nan dokiman sa yo (Si ou gen timoun))

- Orè lekòl ki nan rejyon Dade la ak lèt ki di yo bay yon èd lajan
- Batistè pou timoun yo (si ou gen pitit)
- Lèt notifikasyon nan Depatman Timoun ak Fanmi (nan lespas 30 jou)
- Lèt pou èd Alimantè nan Depatman Timoun ak Fanmi (nan lespas 30 jou)

AKTIF KI OBLIGATWA

- Relve Bankè: Kont epay ak kont chèk (nan lespas 30 jou)
- Mache monetè, Aksyon, Obligasyon, asirans vi /valè aktyèl, 401k, 403b, IRA ak tout lòt aktif ou ka genyen ki pa nan lis la.
- Tit: nenpòt pwopriyete **oswa** machin

PRÈV REVNI OBLIGATWA (tanpri bay youn oswa plis nan dokiman sa yo si sa nesèsè)

- Revni chak semèn: Kat dènye chèk pèman yo (nan lespas 30 jou)
- Revni chak de semèn: De dènye chèk pèman yo (nan lespas 30 jou)
- Travayè endepandan: Lèt sou revni ou fè chak semèn (Deklarasyon pou verifikasyon travay nan Jackson Health System nan lespas 30 jou)
- Lèt Patwon an bay konsènan salè brit chak semèn (nan lespas 30 jou) (Si ou pa resevwa chèk pèman tanpri bay lèt sa a)
- Deklarasyon sou revni (Dènye deklarasyon ou te fè nan lespas yon lane)
- Revni ki soti nan endanmnite chomaj (nan lespas 30 jou)
- Lèt sou revni SSI oswa SSA (Si ou pran retrèt ou, tanpri bay lèt ki pi resan pou ane a yo ba ou pou benefisyè Ajisteman sou Pri Lavi (COLA))
- Revni Pansyon ak / oswa Revni retrèt (Si ou pran retrèt ou tanpri bay lèt ki pi resan pou ane a yo ba ou ki pèmèt ou benefiye de revni sa yo)
- Revni Sipò pou Timoun ak revni TANF (si w ap resevwa) (nan lespas 30 jou)
- Prèv revni ou reyalize nan lokasyon (nan lespas 30 jou)
- Prèv revni Sponsò (Sèlman aplike si yo te sponsorize w nan peyi a plis pase 5 lane avan sa, oswa prèv ou pa touche 40 trimès nan Sekirite Sosyal la)
- Deklarasyon sipò de yon lòt antite oswa de yon lòt moun nan Jackson Health System (si w ap resevwa sipò lajan nan men yon lòt moun)

DEPANS OBLIGATWA (tanpri bay tout dokiman sa yo si sa aplikab)

- Ipotèk: Deklarasyon ipotèk (nan lespas 30 jou) **ak**
- Frè asosyasyon (nan lespas 30 jou) **oswa**
- Tit pwopriyete **ak**
- Asirans ak taks sou pwopriyete **oswa**
- Lwaye: Resi lwaye (nan lespas 30 jou) **ak**
- Kontra lokasyon (nan lespas yon lane) **oswa**
- Lèt pwopriyete a bay (nan lespas 30 jou) **ak**
- Bòdwo FPL, bòdwo Telefòn, Bòdwo Kab, abònman Streaming, ak / oswa bòdwo Dlo (nan lespas 30 jou) **ak**
- Nenpòt gwo bòdwo kat kredi (nan lespas 30 jou) **ak**
- Relve chak mwa sou machin ak Asirans Machin (nan lespas 30 jou) **ak**
- Bòdwo Telefòn Selilè (nan lespas 30 jou)
- Lwaye gratis (Fòm Twazyèm pati a obligatwa)